



Pou Piblikasyon Imedya: 12/11/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN PREMYE KORIDÒ DWÒN 80-KILOMÈT
ANT SYRACUSE AK ROME AK EKSPANSYON SYRACUSE TECH GARDEN**

Koridò plizyè milyon dola a ap kreye yon kapasite tès dwòn san parèy

*Kay Konpetisyon Endistri UAS GENIUS NY, Tech Garden tou Prevwa pou Etann
nan Anba Lavil Syracuse*

*Investisman UAS Fèt Avèk Soutyen CNY Rising - Ki se Estrateji Global Rejyon an
pou Revitalize Kominote yo epi Devlope Ekonomi an*

Lyen Desen Achitekti Ekspansyon Tech Garden Disponib [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a achèvmman eta a ki te sipòte koridò jesyon dwòn 80-kilomèt trafik ki pa abite, ki soti nan New York Santral pou rive nan Mohawk Valley. Koridò premye-nan-nasyon an se koridò tès dwòn ki pi avanse nan peyi a. Avèk enfrastrikti ki nesese kounye a ki an plas, konpayi yo pral kapab teste toude platfòm sistèm ayeryen ki pa abite yo ak teknoloji UTM yo nan anviwònman mond reyèl la, jenere done ki pral enfòm endistri a ak regilatè yo ak fè nou rapwoche itilizasyon woutin komèsyal dwòn yo. Achèvmman koridò a avanse estrateji kolektif rejyon yo pou akselere ak sipòte itilizasyon émèjan UAS nan endistri kle yo, tankou agrikilti ak jesyon forè, transpò ak lojistik, medya ak devlopman fim, sèvis piblik yo ak enfrastrikti ak sekirite piblik. Nan Ayewopò Entènasyonal Syracuse la, Gouvènè a jodia te anonse tou ke syèj konpetisyon inovatif GENIUS NY UAS a, Tech Garden nan Anba Lavil Syracuse, pral sibi yon gwo pwojè agrandisman pou enkli adisyon de (2) etaj nan etablisman ki egziste deja a. Ogmantasyon vizibilite ak peyizaj iben an pral sèvi kòm ank pou Sant Inovasyon Sant Vil Syracuse la, yon eleman debaz nan estrateji Syracuse Surge lan, epi li pral sèvi kòm pòtay pou "Koridò Inovasyon" sou Warren Street nan Syracuse. Devlopman Empire State ap ede pwojè ekspansyon an ki gen jiska 12.5 milyon dola ki disponib atravè plan CNY Rising lan pou Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative) ki konsevwa rejyonal lan.

"Achèvmman koridò 80-kilomèt dwòn lan se yon siksè inovatif ki kouwone yon estrateji kle ki defini nan plan CNY Rising nou an pou fè New York Santral ak Valley Mohawk yon sant mondyal pou tès ak inovasyon UAS", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Anplis de sa, ekspansyon Tech Garden la nan Syracuse pral ranfòse efò nou yo plis toujou pou atire antreprenè endistri avangadis yo, ki gen ladan endistri UAS la, nan zòn lan nan asire rejyon an kontinye grandi pandan plizyè deseni."

"Kòm Prezidan Konsèy sou Devlopman Ekonomik Rejyonal yo, mwen wè avèk je pa mwen evolisyon travay nou an pou devlope endistri UAS ak UTM lan nan New York Santral", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Koridò dwòn 80-kilomèt sa a se yon lòt etap enpòtan nan efò nou yo pou kreye koridò tèl dwòn ki pi avanse nan nasyon an. Efò plizyè-milyon dola a ap ogmante kantite travay gwo teknoloji nan rejyon an, ranfòse ekonomi an, epi avanse estrateji Central NY Rising nou an."

Gouvènè a dènyèman te anonse tou ke koridò a te resevwa apwobasyon tou nan men Administrasyon Federal pou Avyasyon an (Federal Aviation Administration, FAA) la pou vole avyon ki pa gen pilòt ki depase liy vizyèl yo ka wè (Beyond Visual Line of Sight, BVLOS) nan premye segman an. Sa a se premye "vrè" otorizasyon BVLOS yo akòde sit tèl FAA deziyen an, k ap pèmèt yo teste ayewonèf san pilòt yo san yo pa bezwen gen obsèvatè sou tèren yo. Seksyon espas ayeryen ki mezire 13 kilomèt pa 6 kilomèt ke yo te apwouve pou vòl sa yo sitiye ant Ayewopò Entènasyonal Griffiss la ak Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta a (State Preparedness Training Center) nan Depatman Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans lan ki nan Oriskany. Seleksyon estratejik espas ayeryen sa a ki anndan koridò ouvri pòt pou avansman koridò a alavni ak kowoperasyon k ap kontinye genyen ant NUAIR, Sit Tèl la ak ajans Eta New York la yo.

Nan mwa Novanm 2016, nan yon efò pou avanse endistri UAS kap devlope nan New York Santral, [Gouvènè Cuomo te anonse yon investisman eta 30 milyon dola](#) pou devlope sistèm jesyon trafik vòl 80 kilomèt ant Syracuse ak lokal tèl NYS UAS a nan Ayewopò Entènasyonal Griffiss nan Rome. Anpil konpayi lokal ak entènasyonal fè travay inovatè sou devlopman ak deplwaman sistèm sa a, ki gen ladan SRC, C&S Companies, AX Enterprizes, Unify, Thales, OneSky, ANRA ak Airmap.

Ekspansyon Tech Garden CenterState CEO a, kounye a ki loje nan yon etablisman ki gen yon(1) etaj ki nan 235 Harrison Street, ap ajoute yon dezyèm ak twazyèm etaj nan bilding lan pandan l ajoute 46,000 pye kare nan espas enkibasyon ak akselerasyon. Ekspansyon an pral pèmèt Tech Garden akeyi 100 manm rezidan ak bay espas pou 200 manm vityèl enkibatè yo; l ap ede enkibatè a atire plis inovatè UAS ak IoT; etabli pwogram pou inovasyon konpayi mati ak sipòte Zòn Dwòn sible ki pral gen ladan espas dedye yo ki pral founi endistri UAS biznis ki vle etabli nan rejyon an. Enkibatè jèn antrepriz yo ap patisipe nan konkou GENIUS NY UAS la, ki sou kounyeya nan katriyèm faz li. Dènye seri 19 semifinalis yo te chwazi pou patisipe nan opòtinite ankadreman yo te anonse semèn pase a.

Tech Garden lan atann li aske travay renovasyon yo fini an Mas 2021.

Rick Clonan, ki se Vis Prezidan Inovasyon ak Antreprenarya nan CenterState CEO te deklare, "Jodi a se yon jou ki pote anpil kontantman pou rejyon sa a paske yo tabli de (2) lyen enpòtan nan ekosistèm UAS, ki pral etabli wòl lidèchip nan rejyon an nan endistri UAS lan. Investisman enkonparab eta a nan GENIUS NY lan te pèmèt nou kreye premye pwogram akseleratè mondyal la pou endistri UAS lan epi gras ak nouvo investisman nan Tech Garden lan nou pral kapab amelyore sipò ak konpayi ki gen bonjan kalite yo ke nou te atire nan rejyon an atravè nouvo pwogram, resous ak espas pou jèn antrepriz yo. Anpil nan konpayi nou atire atravè GENIUS NY yo ap chèche teste teknoloji yo tou nan Lokal Tèl UAS New York la epi achèvmman koridò a pral sèlman

sipòte kwasans rapid ak avansman yo. Nou remèsye Gouvènè Cuomo pou sipò ak vizyon li pou etabli rejyon sa a kòm sant pou teknoloji UAS yo".

Anplis, pou sipòte endistri dwòn k ap devlope nan rejyon an, NUAIR ap lanse Pwogram Asosyasyon Piblik-Prive NY UAS la (NY UAS Public Private Partnership, NYFLY), ki eseye ankouraje pou yo adopte Teknoloji UAS yo nan fonksyonman eta ak administrasyon lokal yo. Premye konkou nasyonal la pral ankouraje epi tabli asosyasyon ant antite epi antrepriz piblik yo pou fè avanse yon seri ka itilizasyon ki gen priyorite, tankou ki pa gen limit ak:

- Sekouris yo epi sekirite piblik;
- Enspeksyon ak konstriksyon enfrastrikti;
- Kontrekare UAS ak pwoteksyon efrastrikti enpòtan;
- Siveyans forè ak anviwònman an;
- Sante Piblik; ak,
- Adopsyon UTM nan tout eta a ak enfrastrikti Deplasman Anlè Iben (Urban Air Mobility, UAM).

NUAIR pral louvri NYFLY nan premye seri aplikasyon pwojè pilòt yo nan kòmansman lane 2020 an. Yo pral anonse lòt detay sou NYFLY nan mwa k ap vini yo.

Investisman Eta New York la sipòte li nan endistri UAS la k ap boujonnen CenterState CEO deklare yo te kreye plis pase 1,820 travay ki gen rapò ak UAS oswa te anonse li nan rejyon an ak yon investisman 820 milyon dola sektè prive a epi retou sou investisman Eta a ki egal a 8.5:1.

Pou ogmante enpak ekonomik aktivite sa yo epi kontinye mentni lidèchip New York la nan endistri UAS la, patnè devlopman ekonomik yo, tankou CenterState CEO, Ayewopò Entènasyonal Griffiss, NUAIR ak Mohawk Valley Edge, aktyèlman yo angaje yo tou ak plis pase 30 konpayi ki te eksprime enterè yo nan agrandisman fonksyonman yo nan rejyon yo. An Jiyè, Gouvènè a te anonse yon Patenarya ant New York ak Izrayèl pou kreye Sant Ekselans UAS nan Mohawk Valley. Konpayi New York ak konpayi Izrayelyen yo pral itilize nouvo sant lan pou yo konsantre sou avansman teknoloji yo, sa ki pral pote teknoloji Izrayelyen yo ak Rechèch ak Devlopman (R&D) vin nan mache dwòn New York la epi ouvri mache Izrayelyen yo pou konpayi UAS Eta New York yo.

Mike Hertzendorf, PDG NUAIR, te di, "Lansman koridòsa a se senbòl yon etap enpòtan pou endistri UAS la epi pou ekosistèm UAS yo te bati nan rejyon an. Patisipan yo ki nan Symposium UAS 2019 New York la pral verifye demonstrasyon yo epi aprann kijan yo kapab teste teknoloji yo an epi avanse nan koridò antanke yon lidè nan endistri sa a. Nou pa kapab tann pou nou kòmans ak faz k ap vini an nan tès vòl nan koridò a ak debloke nouvo opòtinite komèsyal yo pou entegre UAS san danje nan espas aeryen peyi a".

Robert Simpson, ki se Prezidan ak PDG CenterState CEO te deklare, "Twa (3) zan de sa, rejyon an te fikse yon objektif odaye pou li tounen premye nan peyi an ki lanse yon koridò pi lwen ke liy vizyèl yo epi se yon bagay ki bay kè kontan pou gade rèv sa a tounen yon realite. N ap remèsye Gouvènè Andrew Cuomo epi Eta New York la pou investisman enkonparab yo ki te pèmèt objektif sa a reyalize. Enpak ekonomik

devlopman sa a pral tounen yon bagay enpòtan epi nou byen plase pou atire konpayi yo nan rejyon an pou teste epi fè antrepiz UAS yo grandi".

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development, Eric Gertler te deklare, "Pandan n ap sipòte premye koridò tès dwòn lan eta a pran angajman li pou fè investisman estratejik ki pral asire New York rete an tèt endistri inovatif UAS, pou kreye opòtinite ekonomik atravè New York Santral epi nan Mohawk Valley".

Eta a Senatè Rachel May te di, "Sa bay kè kontan pou wè yo kontinye investi nan rejyon Nò New York la. Kèk pwojè tankou sa yo pral pèmèt nou atire epi kenbe biznis nan rejyon an epi kontinye elan devlopman ekonomik nou te remake ki fèt nan dènye ane ki sot pase yo la".

Senatè Eta Joseph Griffo te deklare, "Etap enpòtan sa a pral louvri anpil posibilite pou zòn lan epi ap pral enteresan anpil pou biznis yo k ap chèche pou fè pwogrè nan rechèch teknoloji dwòn yo. Koridò dwòn jesyon trafik san moun lan pral ranfòse pozisyon Mohawk Valley ak rejyon New York Santral antanke lidè nan endistri UAS la".

Eta a Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Rejyon CNY la te adopte teknoloji dwòn yo epi te garanti premye koridò dwòn lan. Pandan y ap tabli rejyon sa a antanke lidè nan endistri k ap grandi a, nou swete li pral kreye travay nan rejyon otou nouvo teknoloji ki fenk ap devlope an".

Manm Asanble, Marianne Buttenschon te deklare, "Yo pral devlope rechèch ak kolaborasyon apati ouvèti koridò dwòn lan ki pral gen yon enpak enpòtan sou Endistri UAS mondyal la epi ki pral kreye travay epi ogmante konpayi ki itilize dènye teknoloji yo, la menm nan Eta New York la".

Manm Asanble Pam Hunter te deklare, "Tabli yon koridò pou dwòn pral tounen yon avantaj pou rejyon an epi pral afime wòl New York antanke yon lidè mondyal nan devlopman teknoloji UAS yo. Mwen paka tann pou avantaj ekonomik, anviwònmanal, ak sekirite piblik nouvo koridò a pral pote a".

Manm Asanble Al Stirpe te di, "Rejyon nou an te yon lidè nan endistri Sistèm Ayeryen San Pilòt k ap boujonnen an, ki atire atansyon epi evestisman toupatou nan mond lan. Finisman koridò sa a pral ranfòse avantaj konpetitif nou nan domèn sa a, epi mwen kontan mwen te jwe wòl pa mwen nan pwojè a".

Randy Wolken, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Fabrikan New York Santral la (Manufacturers Association of Central New York, MACNY), ak Deborah Stanley, Prezidan State University of New York at Oswego, ki se de (2) Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal New York Santral la (Central New York Regional Economic Development Council (REDC)) te deklare, "Sipòte endistri UAS k ap boujonnen an santral nan kad plan CNY Rising yo konsevwa onivo rejyonal la. Gras a sipò nou kontinye bay koridò dwòn sa a ki se tou premye koridò konsa, nou ap asire ke New York rete alatèt endistri sa a, sa k ap kreye nouvo opòtinite ak pòs travay pou rezidan nan rejyon an yo pandan anpil deseni k ap vini ankò".

Kad Egzekitif Konte Oneida, Anthony J. Picente Jr., te deklare, "Sit Tès UAS nou an ki nan Ayewopò Entènasyonal Griffiss la te fè Konte Oneida a tounen episant rechèch ak devlopman endistri a. Inovasyon k ap pran plas nan vil Rome lan san parèy, epi ansanm ak patnè nou yo nan NUAIR nou kontinye leve defi epi pran avantaj opòtinite ekonomik yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou devouman li pou fè objektif nou yo avanse".

Chèf Egzekitif Konte Onondaga a, Ryan McMahon te deklare, "Elan k ap kontinye pran nan koridò yo te chwazi pou dwòn yo nan New York Santral se yon trè bòn nouvèl. Angajman Gouvènè Cuomo pran an vè endistri Sistèm Ayeryen San Pilòt k ap boujonnen nan rejyon nou an chanje bagay yo. Antanke yon eleman kle nan kad plan devlopman ekonomik CNY Rising lan, rejyon nou an ap travay pou etabli tèt li toutbon kòm sant global pou endistri inovatè sa a epi devlope ekonomi rejyonal la. Pwolonjman yo te prevwa pou Tech Garden lan pral ede nou atire antreprenè kreyatif nan kominote nou an epi kontinye soutni jefò Syracuse Surge yo".

Majistra Syracuse la, Ben Walsh te deklare, "Finisman koridò dwòn lan pral ranfòse pozisyon New York Santral antanke lidè mondyal nan endistri UAS. Sa a se yon lòt pa ankò pou Syracuse Surge, estrateji kwasans enklizif nou an nan Nouvo Ekonomi a. Gras ak bonjan sipò Gouvènè Cuomo, pèp ki nan Vil Syracuse ak rejyon New York Santral la pral jwenn plis posibilite nan endistri dwòn lan".

Majistra Vil Rome lan Jacqueline Izzo, te di, "Ayewopò Entènasyonal Griffiss la te vin tounen baz pou kèk devlopman teknoloji avanse dwòn nan peyi a epi ouvèti koridò dwòn lan pral rann Mohawk Valley ak Rejyon Central New York solid antanke episant rechèch ak teknoloji UAS nan peyi a".

Pou kapab jwenn enfòmasyon adisyonèl sou NUAIR, klike [la a](#).

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan The Tech Garden, klike [la](#).

Akselere CNY Rising

Anons jodi a ap konplemannte inisyativ "Central NY Rising" lan, ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Depi 2012, Eta a te deja investi plis pase 5.6 milya dola nan rejyon an pou tabli fondasyon pou plan an – lè li kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse espri antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li te ye depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou yo devlope ak investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere pwojè "Central NY Rising" an ak yon envèstisman 500 milyon dola Eta a, atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative), ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa kreyasyon jiska 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)